

## Kesyon Pasyan yo Poze Souvan

### **K: Kisa ras ak gwoup etnik gen pou wè ak sante mwen?**

*R: Menmsi tout moun gen bagay ki sanble, orijin rasyal ak etnik nou ka mete nou nan risk ki pa menm pou sèten maladi. Nou ka travay pou diminye risk sa yo si nou asire tout moun jwenn bonjan swen sante e ki gen kalite siperyè.*

### **K: Poukisa y ap poze kesyon sa yo?**

*R: Pou yo ka bay pi bon sèvis ak rezilta sante, lopital yo bezwen kèk enfòmasyon debaz nan men chak pasyan; sa gen ladan adrès, laj, sèks, ras ak gwoup etnik. Amelyorasyon kolèk enfòmasyon sa a pral pèmèt lopital ak etablisman yo konprann pi byen pasyan ak kominote y ap sèvi yo epi abòde diferans yo ka jwenn nan rezilta sante.*

### **K: Poukisa y ap mande m ras ak gwoup etnik mwen?**

*R: Lè yo amelyore kalite done sou ras ak gwoup etnik e fè amelyorason pou yo konplè, sa ede idantifye pi byen twou vid ki genyen nan swen sante epi gide pwogram ak aksyon k ap pran pou amelyore sante tout Moun nan New York.*

### **K: Pou kisa yo pral sèvi ak enfòmasyon m yo?**

*R: Enfòmasyon ou ba nou yo pral ede nou amelyore sèvis ak pwogram sante nou bay pasyan yo.*

### **K: Kiyès ki pral wè enfòmasyon m yo?**

*R: Enfòmasyon w yo rete prive epi konfidansyèl e lalwa pwoteje yo. Sèl moun ki pral wè enfòmasyon w yo se manm nan ekip swen ou yo ak lòt moun ki otorize pou wè dosye medikal ou.*

### **K: Nan men kimoun n ap kolekte enfòmasyon sa yo?**

*R: N ap kolekte enfòmasyon sa yo nan men tout pasyan nou yo.*

### **K: E si mwen pa vle reponn kesyon sa yo?**

*R: Li toutafè nòmal si ou pa vle reponn kèk oswa tout kesyon yo. Men, enfòmasyon sa yo ede lopital nou an bay pi bon swen. Kèlkanswa si wi ou non ou reponn kesyon sa yo, n ap ba ou swen.*

### **K: E si mwen idantifye m ak plis pase yon ras?**

*R: Ou ka tcheke tout ras ou idantifye w avèk li.*

### **K: E si mwen idantifye m ak plis pase yon gwoup etnik?**

*R: Ou ka tcheke tout gwoup etnik ou idantifye w avèk li.*

### **K: Kiyès mwen ka poze kesyon sou sa?**

*R: Estaf pou anrejistreman nan lopital la ak sipèvizè anplwaye sa yo ap kontan reponn nenpòt kesyon ou ka genyen sou rezon ki fè y ap mande w enfòmasyon sou ras ak gwoup etnik ou.*

### **K: E si mwen pa konnen ras oswa gwoup etnik mwen?**

*R: Si w pa konnen ras ou oswa gwoup etnik ou, ou ka kite kesyon sa yo vid.*